

Lojisyèl Malveyan

Dekouvri kijan pou idantifye epi jere lojisyèl malveyan sou diferan kalite aparèy.

1. Kisa yon Lojisyèl Malveyan ye?

Lojisyèl malveyan vle di "lojisyèl malonèt," epi se yon tip tèm jenerik ki kouvre diferan kalite lojisyèl ki kapab enfekte, deranje epi jwenn aksè ki pa otorize ak yon aparèy.

Lojisyèl malveyan yo ka enfekte òdinatè, telefòn ak tablèt. Men kèk fòm lojisyèl malveyan ou te ka tandem pale sou yo anvan:

- **Lojisyèl ranson:** Yon lojisyèl malveyan ki ka kripte fichye epi bloke yon moun sou aparèy li
- **Lojisyèl espyon:** Lojisyèl malveyan ki kolekte enfòmasyon sou itilizatè
- **Lojisyèl piblisite:** Souvan, li pran fòm piblisite pòpòp yo pa ka kontwole
- **Vè:** Yon tip virus ki, an reyalite, kopye tèt li epi voye tèt li bay lòt itilizatè
- **Viris:** Yon fòm lojisyèl malveyan ki ka enfekte aparèy epi deteryore done ak lojisyèl yo. Viris yo opere nan repwodi tèt yo gras ak yon kòd

Ki kèk tip virus ki genyen?

- **Viris Trojan:** Yon kalite virus enfòmatik ki popilè ki penetre nan yon machin lè yo fè tèt yo pase pou yon pwogram ki lejitim. Yo twonpe itilizatè yo pou yo enstale oswa telechaje yon bagay ki gen yon viris Trojan
- **Pirat enfòmatik navigate:** Virus ki kapab enfekte yon navigate epi chanje paramèt yo oswa redirige itilizatè yo bay sit malonèt
- **Viris Macro:** Virus ki ka enfekte "macros" yo nan Microsoft Word
- **Viris ki enfekte fichye:** Yon virus ki ka enfekte epi pwopaje nan fichye enfòmatik enpòtan yo

2. Kijan Ou Ka Konnen Si W Gen yon Lojisyèl Malveyan?

Lojisyèl malveyan pa janm fasil pou detekte, malerezman. Sepandan, genyen kèk siy ak bagay ou ka chèche pou detèmine si w genyen lojisyèl malveyan sou aparèy ou.

Yon bagay ou ka fè se enstale yon lojisyèl sekirite ki pral eskane aparèy ou pou lojisyèl malveyan. Sepandan, fè rechèch ou epi asire w pou telechaje yon zouti ki lejitimi! An reyalite, gen kèk lojisyèl malveyan ki pran pòz yo se lojisyèl sekirite epi ki twonpe w pou enstale l.

Note ke kèk lojisyèl sekirite ka koute lajan. Men, gen kèk opsyon pou diferan nivo pri, epi plizyè aparèy genyen lojisyèl sekirite ki enstale sou yo, kidonk ou ka deside kisa ki pi bon opsyon pou ou.

Men kèk fason pou ede w idantifye lojisyèl malveyan posib yo:

- Aparèy ou a ap fonksyone dousman anpil oswa li pa sispann friz
- Ou pa kapab etenn oswa relanse aparèy ou a
- Ou gen fichye ki manke
- Ou jwenn mesaj erè ou pa t atann
- W ap wè imèl etranj ki soti sou kont ou pou al jwenn yon gwo kantite moun
- Navigatè w la kòmanse redirije w oswa li retade
- Ou pa sispann jwenn fenèt pòpòp oswa twòp anons piblisite epi ki pètiban
- Batri w dechaje byen rapid
- [Pou òdinatè pòtab] Vantilatè a pa sispann vire epi li fè bri
- Ou wè aplikasyon, onglè ki ouvri, ak bagay ou pa t ouvri oswa enstale sou aparèy ou a

3. Kisa Ou Kapab Fè Si W Genyen yon Lojisyèl Malveyan?

Si w sipèk ou te telechaje oswa òdinatè pòtab ou te enfekte akoz yon lojisyèl malveyan, verifye pou wè si lojisyèl malonèt la prezan epi apresa siprime l.

NYC Digital Safety

Privacy & Security

Li itil pou verifye epi konfime dout ou yo anvan, paske gen kèk siy lojisyèl malveyan yo ki kapab an reyalite siy ki montre ke gen lòt pwoblèm. Egzanp, yon batri ki dechaje rapid ka jis yon siy ke se yon aparèy k ap vyeyi!

Men si w remake ou gen yon pi gwo pwoblèm, men kisa pou w fè:

- Sispann fè bagay tankou acha sou entènèt oswa antre modpas pou kont yo jiskaske ou rezoud pwoblèm nan. Chanje modpas ou apre ou fin jere pwoblèm nan
- Si aparèy ou a fè pati yon rezo, dekonekte l pou anpeche lojisyèl malveyan an pwopaje
- Reycinisyalize aparèy ou a nan Mòd Sekirize pou pi byen konfigire lojisyèl sekirite w la epi jere enfeksyon lojisyèl malveyan w lan
 - **Windows:** Peze epi kenbe touch F8 la kou reycinisyalizasyon an kòmanse, epi apresa chwazi Mòd Sekirize a nan meni an. Apresa, konfigire eskanè lojisyèl sekirite w la
 - **Mac:** Kenbe touch Shift la pandan reycinisyalizasyon an, epi apresa fè eskàn sekirite w la
- Asire w ke lojisyèl sekirite w la ajou
- Si w pa genyen yon lojisyèl sekirite ki enstale, enstale yon tip lojisyèl sekirite ki popilè pou aparèy patikilye w la. Ou kapab chèche rekòmandasyon ak lis ki soti nan sous lejitim tankou sit evaliyasyon teknolojik ak blòg tankou *The New York Times' Wirecutter* (<https://www.nytimes.com/wirecutter/>)
- Lè lojisyèl sekirite w la fin pare pou li fonksyone, lanse yon eskàn sou aparèy ou a pou wè si lojisyèl malveyan an la toujou
- Itilize lojisyèl sekirite w la pou ede w sprime l
- Pou enfeksyon ki pi grav, ou ka bezwen reyenstale sistèm fonksyònman w lan. Ale sou sitwèb ofisyèl fabrikan aparèy ou a pou jwenn enstriksyon sou kijan pou w fè sa a
- Si malgre sa ou bezwen èd, kontakte sipò teknik pou aparèy ou a (yon asirans kapab kouvri sa a)

NYC Digital Safety

Privacy & Security

- Chanje modpas ou epi siveye kont ou pou wè si gen fwod apre yon enfeksyon lojisyèl malveyan

4. Kijan Ou Ka Evite Yon Lojisyèl Malveyan?

Men bagay ou ka fè pou pwoteje aparèy ou kont lojisyèl malveyan:

- **Fè atansyon lè w ap enstale lojisyèl, aplikasyon ak ekstansyon navigate**
Lojisyèl malveyan ka kache nan bagay sa yo, kidonk asire w ou enstale lojisyèl ki popilè epi lejitim sou aparèy ou.
- **Mete paramèt sekirite w yo ajou sou aparèy ou yo ak navigate w yo**
Enstale mizajou, korektif ak mizajou sekirite sistèm eksplwatasyon an lè sa nesesè.
- **Rete vijilan**
Fè atansyon ak anak amsonaj yo epi evite klike oswa telechaje fichye ki soti nan sous ki sispèk oswa ke w pa konnen yo.
- **Fè atansyon ak sitwèb w ap vizite yo**
Pa inyore avètisman navigate w la voye ba ou sou sit ki pa sekirize yo.
- **Sovgade done w yo souvan**
Sa pral ede w kenbe li pwoteje epi rekiperab si ou tonbe sou yon lojisyèl malveyan.
- **Enstale yon lojisyèl sekirite**
Itilize l pou jere aparèy ou a epi pou ede w bloke, detekte epi siprime lojisyèl malveyan.

NYC Digital Safety

Privacy & Security

5. Fè yon Plan

Itilize espas sa a pou ekri plan w ak ide w genyen pou bagay ou ka fè pou evite lojisyèl malveyan: